



Pou Piblikasyon Imedya: 27/02/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$36 MILYON EKONOMI POU AGRIKILTÈ YO ATRAVÈ PLAFON ESTIMASYON AGRIKÒL LA (AGRICULTURAL ASSESSMENT CAP)**

*Ekonomi an Reflete Total Twa Ane Konbine pou Agrikiltè Eta New York yo*

*Delè pou Aplike pou Estimasyon Agrikòl la se 1<sup>ye</sup> Mas – Enfòmè w Plis [Isit la](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a plis pase \$36.6 milyon ekonomi pou agrikiltè atravè eta a sou premye twa ane Plafon Estimasyon Agrikòl la. Gouvènè Cuomo [te siyen](#) plafon an, an lwa nan ane 2013, ki entèdi yo ogmante estimasyon agrikòl yo a plis pase de pousan pa ane. Premye plafon an te fikse a 10 pousan. Lè l mentni ogmantasyon plafon yo nan nivo ki ba, agrikiltè yo ka konte sou yon klima fiskal ki pi previzib api planifye pi byen pou lavni.

**Gouvènè Cuomo te deklare:** “Agrikilti se yon faktè kle nan ekonomi New York, e nou angaje pou n kenbe depans ak enpo yo sou kontwòl pou ede asire fòs ak kwasans sektè a. Ekonomi ki soti nan plafon sa bay soulajman ki enpòtan a agrikiltè nou yo epi sipòte angajman nou pou pwoteje tè agrikòl yo pou jenerasyon k ap vini yo.”

Nan premye ane apre yo te mete plafon an anplas la, agrikiltè yo te ekonomize yon total \$11 milyon. An 2016, total ekonomi anyèl la te plis pase \$13.3 milyon, yon ogmantasyon de plis pase \$1 milyon pa rapò ak ane anvan an. Ministè Fiskalite ak Finans (Department of Taxation and Finance) fè pwojeksyon ekonomi ki pi plis ankò an 2017.

<b>Ekonomi Rejyonal ki Fèt Akoz Plafon Evalyasyon Agrikòl la depi 2013</b>	
<b>Rejyon Kapital</b>	\$4,390,225
<b>New York Santral</b>	\$2,755,720
<b>Finger Lakes</b>	\$9,711,784
<b>Long Island</b>	\$3,625,731
<b>Mid-Hudson</b>	\$8,773,829

<b>Mohawk Valley</b>	\$1,018,714
<b>North Country</b>	\$1,136,150
<b>Southern Tier</b>	\$3,293,222
<b>Rejyon Lwès New York</b>	\$1,935,453
<b>Total</b>	\$36,640,827

Plis pase 20 pousan tè nan Eta New York, 7.3 milyon kawo, itilize pou agrikilti. Pou resevwa yon estimasyon agrikòl, tè a dwe reponn a kèk kondisyon pou kalifye e pwopriyete tè yo dwe soumèt yon aplikasyon bay evalyatè lokal yo a. Delè pou pifò fèm yo aplike pou 2017 la se 1<sup>ye</sup> Mas. Delè sa ka varye dapre minisipalite moun yo. Pou plis enfòmasyon sou pwogram nan, ki enkli sou aplikasyon yo, gade enstriksyon ak kondisyon pou kalifikasyon yo [isit la](#).

**Delege Agrikòl la, Richard A. Ball, te deklare:** “Efò Gouvènè Cuomo pou frennen monte en flèch taks sou pwopriyete yo te soulaje chaj ki sou do agrikiltè New York yo, ki pèmèt yo re-vesti nan biznis yo epi ede yo rete konpetitif lè depans yo rete ba. Pandan n ap gade lavni, mwen ankouraje tout agrikiltè ki kalifye yo aplike pou yon estimasyon agrikòl pou pwoteje yo kont monte ki enprevi nan valè tè yo a.”

**Delege Fiskalite ak Finans pa Enterim, Nonie Manion te deklare,** “Angajman Gouvènè Cuomo nan sektè agrikòl eta nou an pa gen parèy e etap sa pou redwi chaj enpo sou pwopriyete yo sou agrikiltè yo se yon prèv. Ekonomi sa yo pèmèt agrikiltè yo reenvesti nan mendèv, tè, ak biznis yo pou nourri kwasans pozitif nan tout kominote lokal yo.”

**David Fisher, Prezidan Biwo Agrikòl New York (New York Farm Bureau), te deklare:** “Se te yon priyorite pou n te sekirize Plafon Estimasyon Agrikòl la pou manm nou yo pou ede kontwole ogmantasyon enpo fonsye ki asosye valè tè yo k ap monte. Sa te pwouve li te itil pou agrikiltè atravè Eta a. Li pa t sèlman ede frennen nan ogmantasyon fakti enpo yo, men plafon an te ede kenbe tè agrikòl yo nan pwodiksyon, espesyalman nan zòn k ap fè fas ak presyon devlopman yo.”

**Prezidan Komite Agrikòl Sena a (Senate Agriculture Committee), Patty Ritchie te:** “Nan ane ki pase yo, Plafon Estimasyon Agrikòl la te ede kontwole depans yo epi bay yon sans estabilite a agrikiltè yo k ap travay di atravè Anpi Eta a (Empire State). Taks sou pwopriyete yo se youn nan depans ki pi enpòtan agrikiltè yo fè fas, e atravè plafon sa—ke mwen te fyè pou sipòte—agrikiltè yo an mezi pou rete sou tè yo, pase operasyon yo a jenerasyon k ap vini yo, yon jou, epi fè pati travay pou devlope epi prezève avni agrikilti a nan Eta New York.”

**Prezidan, Komite Agrikòl Asanble a (Assembly Agriculture Committee), Manm Asanble Bill Magee te deklare:** “Lè n limite monte estimasyon tè agrikòl yo a 2%, nou te an mezi pou bay soulajman a agrikiltè New York yo kont depans biznis ki twòp yo, epi ofri yo opsyon pou devlope epi investi nan devlopman ak kwasans fèm yo, epi ede kenbe tè agrikòl nou yo nan pwodiksyon.”

An 2011, Gouvènè a te mete anplas yon plafon de pousan sou taks fonsye yo pou tout Nouyokè. Plafon task la se youn nan yon seri inisyativ soulajman enpo Gouvènè Cuomo t ap pouswiv, nan yon efò pou bay soulajman ki pi nesèsè pou biznis ak pwopriyetè kay yo. Nan kad plafon an, kontribyab fonsye yo te fè ekonomi plis pase \$800 an mwayèn. Ane sa, yo prevwa pou kontribyab regilye a fè ekonomi plis pase \$2,100 nan taks sou pwopriyete lokal yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418